**Geografiya**

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ OYKONIMLERIN RAYONLASTÍRÍW MÁSELELERI

**O.O.Baltabayev** – *geografiya ilimleri bóyınsha filosofiya doktorı, doktorant*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch so'zlar:** toponim, oykonim, rayon, rayonlashtirish, kartografik usul.
**Ключевые слова:** топоним, ойконим, район, районирование, картографический метод.
**Key words:** toponym, oikonym, region, zoning, cartographic method.

**Kirisiw.** Toponimler – jer betindegi barlıq tábiyiy hám jasalma obyektlerdiń atamaların óz ishine aladı. Olar ádette belgili bir tilde payda boladı hám sol tilde sóylesiwshi xalıqlardıń lingvistikalıq hám mádeniy miyrasınıń bir bólegi bolıp esaplanadı. Insanlar ózleriniń jergilikli geografiyalıq atamaları menen maqtanısh etedi, sebebi bul atamalar olardıń tariyxın, milliy xarakterin ózinde sáwlelendiredi. Ásirese, jergilikli atamalardı úyreniw hár bir mámleket, xalıq tariyxın úyreniw, milliy tildi rawajlandırıwda áhmiyetli derek esaplanadı.

Geografiyalıq atamalar óz ózinen payda bolmaydı, bálkim olar ózleriniń orınlaytuǵın wazıypalarınan kelip shıǵıp, hár qıylı toponimikalıq nızamlıqlar tiykarında payda boladı. Geografiyalıq atamalardı úyreniw procesi sol aymaq tábiyiy sharayatı, tábiyat komponentlerinen xabardar bolıwdı talap etedi. Sonday-aq, aymaqlar toponimiyasınıń ózine tánligi, tariyxıy tamırları hám mádeniy miyras elementi sıpatındaǵı áhmiyeti, qáliplesiw hám ózgeriwine tásir etiwshi social-geografiyalıq faktorlardı da kompleks túrde ashıp beriwge úlken itibar beriledi. Sol tiykarda Qaraqalpaqstan Respublikası oykonimlerin bir pútin aymaqlıq sistema sıpatında social hám mádeniy geografiyalıq jaqtan kompleks izertlew úlken áhmiyetke iye. Toponimlerdiń eń keń tarqalǵan túrlerinen biri bolǵan xalıq jasaw orınlarınıń atamaları – oykonimlerdi úyreniwshi taraw oykonimika (grekshe, oykos – "úy", "jasaw ornı", "mákan") dep ataladı [8:93]. Oykonimler qala, qalasha (posyolka), awıl sıyaqlı elatlı punktlerdiń atamalarınan ibarat.

**Jumıstıń maqseti hám wazıypaları.** Jumıstıń *maqseti* Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵın oykonimleriniń ózgeshelikleri tiykarında rayonlastırıwdan ibarat. Usı maqsetti ámelge asırıwda tómendegi *wazıypalar* belgilep alındı: 1.Toponimikalıq rayonlastırıw boyınsha usı tarawdaǵı belgili toponimist alımlardıń pikir hám tájiriybelerin úyreniw; 2. Respublika oykonimleriniń stratigrafiyalıq, leksika-semantikalıq, topoterminologiyalıq ózgesheliklerin ilimiy analizlew tiykarında respublikanı oykonimikalıq rayonlastırıw hám kartasın islep shıǵıw.

**Tiykarǵı bólim.** Hámmemizge belgili, tábiyiy ortalıqtıń hár túrliligi, jergilikli xalıqlardıń tariyxı, ekonomikası hám mádeniy turmıs tárizi, til ózgeshelikleri geografiyalıq atamalardıń aymaqlıq ózgesheliklerin payda etedi. Bul ózgeshelikler bolsa toponimikalıq rayonlastırıwdıń tiykarǵı kriteriyası sıpatında xızmet etedi. Rayon – bul aymaq (geotoriya) ózin qáliplestiriwshi elementlerdiń jıyındısı boyınsha basqa aymaqlardan birdeyligi, quramlıq elementlerdiń óz ara baylanıslılıǵı, bir pútinligi menen anıq kórinetuǵın aymaq (geotoriya), bunda birlik – bul aymaq rawajlanıwınıń obyektiv shárti hám nızamlı nátiyjesi esaplanadı [1:67]. V.A.Juchkevich toponimikalıq rayonlastırıw boyınsha eń kóp ilimiy miynetlerdi baspadan shıǵarǵan belorussiyalı geograf qánige esaplanıp, usı rayonlastırıwdıń tiykarǵı principleri sıpatında geografiyalıq (aymaqlıq), lingvistikalıq hám tariyxıy principlerdi kórsetip ótken [4:166]. Alım óziniń Aldıńǵı Awqam aymaǵın siyasiy-administrativlik bóliniw torı sheńberinde 30 toponimikalıq rayonǵa hám olardı jas jaǵınan 9 toparǵa ajıratqan. Ózbekstan, atap aytqanda, Qaraqalpaqstan tiykarınan áyyemgi dáwir toponimleri keń tarqalǵan aymaqlar sıpatında kórsetip ótilgen [3:112-113].

Rossiyalı geograf alım A.G.Manakov bolsa, formant usılı tiykarında Rossiyanıń Evropadaǵı bólimi, Ukraina hám Belorussiyanı toponimikalıq rayonlastırǵan. Bunda Shıǵıs Evropa tegisligindegi elatlı punktleriniń atamalarında slavyan toponimikalıq formantları– prefiksler, suffiksler hám qosımshalardıń ushırasıwı kartografiyalıq usıl járdeminde statistikalıq jaqtan analizlengen. Shıǵıs Evropa tegisliginiń túrli bólimleri toponimleri quramında belgili bir "tus" (belgi) qosatuǵın belgili bir formantlardıń ústemligi anıqlanǵan hámde sol tiykarda úyrenilgen regiondı 7 toporegionǵa bólgen [5:6].

Ilimiy ádebiyatlarda járiyalanǵan Ózbekstan aymaǵın toponimikalıq rayonlastırıwdıń birǵana (jalǵız) tájiriybesin A.Nizomov, G.Raximova, N.Rasulovanıń 2013-jılda baspadan shıqqan "Toponimika" atamasındaǵı oqıw qollanbasında kóriw múmkin. Usı avtorlar Ózbekstan aymaǵın Tashkent-Mırzashól, Zarafshan, Qızılqum, Tómengi Ámiwdárya, Ústirt, Ferǵana, Surxandárya, Qashqadárya sıyaqlı 8 toponimikalıq rayonǵa bólgen [7:60-67] hám olarǵa tómendegishe sıpatlama berilgen.

Tashkent-Mırzashól toponimikalıq rayonı Sırdáryanıń orta aǵımı Shırshıq hámde Ahangaran alaplarında jaylasqan bolıp, Tashkent-Mırzashól batıǵın óz ishine aladı. Toponimikalıq rayonda "*kent*" qosımtalı atamalar arealı keń tarqalǵanlıǵına itibar qaratılǵan.

Qızılqum toponimikalıq rayonı Ámiwdárya hám Sırdárya aralıǵında jaylasqan bolıp, Qızılqumnıń Ózbekstanǵa qaraslı bólimin óz ishine aladı. Rayonda salıstırmalı kóp tarqalǵan toponimler túrli gidronimler bolıp, olar tiykarınan qudıqlar ataması menen baylanıslı túrde qáliplesken geografiyalıq atamalar esaplanadı. Ulıwmalıq esapta 100 ge jaqın toponimler "*qudıq*" termini, 20 dan artıǵı bolsa "*taw*" termini járdeminde payda bolǵanlıǵı atap ótilgen.

Zarafshan toponimikalıq rayonı Zarafshan alabınıń orta hám tómengi bólimlerin óz ishine aladı. Toponimikalıq rayonnıń shıǵıs hámde batıs bólimlerinde soǵdiy, parsı ózekli, oraylıq bólimlerinde bolsa, túrkiy ózekli toponimler keń tarqalǵan. Aymaqta jigirmadan artıq "*taw*" qosımtalı oronimler arealı bar ekenligi rayonnıń ózgesheligi sıpatında ajıratıp kórsetilgen.

Qashqadárya toponimikalıq rayonı Qashqadárya alabın óz ishine aladı. Bul jerde stratigrafiyalıq qatlamnıń barlıq qatlamları anıq kórinip turadı. Toponimikalıq rayon etnotoponimlerge baylıǵı menen ajıralıp turıwı tilge alınǵan.

Surxandárya toponimikalıq rayonı respublikamızdıń qubla bóliminde jaylasqan Surxandárya basseynin óz ishine aladı. Arqa, shıǵıs hám batıs tároplerden oronim hám gidronimlerdiń kópligi, oraylıq bólimi pás tawlar, qublada bolsa, shól tegislikler menen baylanıslı oronimlerdiń kópligi, stratigrafiyalıq qatlamı túrkiy hámde parsı ózektegi kórinisleri gegemonlıq etiwi hám "*qorǵan*", "*abad*" qosımtalı oronimler arealınıń anıq kóriniwi usı toponimikalıq rayonnıń tiykarǵı ózgeshelikleri sıpatında kórsetilgen.

Tómengi Ámiwdárya toponimikalıq rayonı Xorezm alabı hám Aral boyınıń qubla aymaqların óz ishine alǵan. *Ob, jap, arna* terminli gidronimlerdiń tarqalǵanlıǵı, oykonimlerdiń quramında "*qala*" terminli arealdıń qálipleskenligi, etimologiyası belgisiz bolǵan áyyemgi iran tilli ózektegi toponimlerdiń bolıwı, arqa hám qubla aymaqları oronimleri shól relyefine tán túrde qálipleskenligi toponimikalıq rayonnıń ózine tán ózgeshelikleri sıpatında kórsetip ótilgen.

Ústirt toponimikalıq rayonı Ústirt platosınıń Ózbekstanǵa tiyisli aymaǵın óz ishine aladı. Toponimikalıq rayonda barlıq túrdegi geografiyalıq atamalar júdá siyrek túrde tarqalıwı, geografiyalıq atamalar tiykarınan, batıqlar, biyiklikler túrindegi oronimler ekenligi, gidronimlerdiń barlıq kórinisindegi túrleri kem ushırasıwı toponimikalıq rayonnıń ózine tán ózgesheligi sıpatında kórsetilgen.

Ferǵana toponimikalıq rayonı Ferǵana oypatlıǵınıń Ózbekstan aymaǵındaǵı bólimin óz ishine aladı. Gidronimlerdiń patamonim túrleri keń tarqalǵanlıǵı, limnonimlerdiń tawlı aymaqlarda siyrek ushırasıwı, qubla-batıs hámde arqa-batıs bólimlerinde soǵd, parsı ózektegi toponimlerdiń, qalǵan barlıq aymaqta túrkiy ózekli toponimlerdiń tarqalǵanlıǵı, sonday-aq, toponimlerdiń basqa túrlerge salıstırǵanda oykonimler muǵdar jaǵınan jetekshiligi rayonnıń tiykarǵı ózgeshelikleri sıpatında kórsetip ótilgen.

Bul rayonlastırıw sxemasında Ózbekstannıń barlıq aymaǵı alınǵan bolıp, bul tájiriybe kóbirek tiyisli ilimiy mashqalanıń ulıwmalıq túrde qoyılıwı menen sıpatlanadı. Atap aytqanda, kórilip atırǵan jumısta toponimikalıq rayonlastırıwdıń anıq kriteriyaları kórsetilmegen, toponimler quramınıń statistikalıq (muǵdarlıq) analizi ámelge asırılmaǵan hám ajıratılǵan toponimikalıq rayonlar kesiminde óz ara salıstırılmaǵan, rayonlastırıw tek ǵana bir aymaqlıq dáreje (tekshe)de ámelge asırılǵan. Sonıń menen birge, bunda tek ǵana oykonimler emes, bálkim, toponimlerdiń barlıq túrleri rayonlastırıw obyekti sıpatında alınǵan.

Izertlew procesinde Qaraqalpaqstan Respublikasında házirgi waqıtta bar bolǵan barlıq oykonimlerdiń quramı (1-yanvar 2021-jıl maǵlıwmatı boyınsha 12 qala, 26 qalasha (posyolka) hám 1113 awıllıq elatlı punktleri, yaǵnıy jámi 1151 elatlı punkt bar) rayonlar kesiminde úsh tárepten úyrenildi, anıq muǵdarlıq, statistikalıq tiykarda analizlendi hám ulıwmalastırıldı. Bular – til tárepten, yaǵnıy spektral-stratigrafiyalıq, mazmun, yaǵnıy leksika-semantikalıq hámde sóz jasalıwı jaǵınan, yaǵnıy terminologiyalıq tárepleri esaplanadı. Ámelge asırılǵan analizlerdiń ulıwmalastırılıwı Qaraqalpaqstan Respublikası oykonimiyasındaǵı aymaqlıq qatlamlardıń anıq ajıratıp alınıwına imkan berdi [2].

Bunda, eń aldı menen Qaraqalpaqstan Respublikasınıń tórt qubla, yaǵnıy Ámiwdárya, Beruniy, Ellikqala hám Tórtkúl rayonları hámde respublikanıń basqa aymaqları ortasında oykonimiyanıń túrli ózgesheliklerindegi aymaqlıq ayırmashılıqlar kózge taslanadı. Atap aytqanda, oykonimlerdiń til strukturasına itibar berilse, tórt qubla rayonda oykonimlerdiń tiykarǵı bólimi, yaǵnıy 77,3% ózbekshe, respublikanıń qalǵan bóliminde bolsa barlıq oykonimlerdiń 88,5% qaraqalpaqsha. Sol sebepli, Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵı oykonimiyasın til quramı jaǵınan eki – **Arqa** hám **Qubla oykonimikalıq rayon**ǵa ajıratıw tiykarlı dep tabıldı.

Hár eki oykonimikalıq rayonda rayonlar kesiminde oykonimlerdiń leksika-semantikalıq hámde terminologiyalıq jaqtan quramı úyrenilgende, ayırım ishki ózgeshelikler baqlandı. Sol ózgesheliklerdi esapqa alıp, Qaraqalpaqstannıń Arqa hám Qubla oykonimikalıq rayonları quramında bir neshe kishi oykonimikalıq rayonlardı ajıratıw múmkin.

Arqa oykonimikalıq rayon aymaǵında jámi 767 oykonim bar bolıp, sonnan 679, yaǵnıy 88,5%, qaraqalpaqsha oykonimler esaplanadı. Rayon oykonimleriniń leksika-semantikalıq quramı hámde payda bolıwında qatnasqan topoterminler jaǵınan aymaqlıq ózgeshelikleri bar. Olardı esapqa alıp, Arqa oykonimikalıq rayondı tórt, yaǵnıy **Aral boyı** (Bozataw, Moynaq hám Taxtakópir rayonları), **Arqa-shıǵıs** (Kegeyli, Nókis, Qaraózek hám Shımbay rayonları), **Batıs** (Shomanay hám Qońırat rayonları) hám **Oraylıq** (Nókis q., Qanlıkól, Taqıyatas hám Xojeli rayonları) **kishi oykonimikalıq rayon**larǵa bóliw múmkin.

Bozataw, Moynaq hám Taxtakópir rayonı oykonimlerin Aral boyı kishi oykonimikalıq rayon sıpatında ajıratıw múmkin. Bul jerdegi jámi 88 oykonimniń 41, yaǵnıy 46,6% gidronimlerden payda bolǵan oykonimlerden ibarat. Sebebi, aldın bul jerde kól, dárya ózekleri kóp bolǵan hám xalıq awıllardıń jaylasıwın belgilew (identifikaciyalaw) ushın kóbirek suw obyektlerinen paydalanǵan, yaǵnıy awıl qaysı suw obyekti jaqınında jaylasqan bolsa, kóbinese xalıq qorǵanına tiyisli gidronim boyınsha atama qoyatuǵın bolǵan. Házirgi kúnge kelip bul kól hám dárya ózekleriniń kópshiligi qurıp joq bolıp ketken, biraq awıllardıń atamaları sol aymaqlardıń tariyxıy gidrografiyasın bildiretuǵın derek yamasa ózine tán "iz" bolıp turıptı. Bul kishi rayon oykonimleriniń payda bolıwında *kól* hám *ózek* topoterminleri jámi oykonimlerdiń 20, yaǵnıy 22,7% qatnasqan.

Arqa-shıǵıs kishi oykonimikalıq rayonǵa kiriwshi Kegeyli, Nókis, Qaraózek, hám Shımbay rayonlarında jámi 389 oykonim bar bolıp, sonnan 203, yaǵnıy 52,2% etnooykonimlerden ibarat. Bul jaǵday arqa-shıǵıs kishi oykonimikalıq rayonnıń eń tiykarǵı ózgesheligin quraydı. Etnooykonimlerdiń keń tarqalǵanlıǵı usı aymaqlarda ótken tariyxıy dáwirlerde qaraqalpaqlardıń urıw-qáwimleri kól hám japlar boyında jasaǵanlıǵı menen baylanıslı. Sonday-aq, bul kishi oykonimikalıq rayonda oykonimlerdiń 97, yaǵnıy 24,9%, *awıl* topotermini qatnasında payda bolǵan bolıp, bulda onıń ózine tán ózgesheligin belgilep beredi.

Qońırat hám Shomanay rayonları aymaǵı Batıs kishi oykonimikalıq rayon sıpatında ajıratılıwı múmkin. Bunda oykonimiyanıń tiykarǵı leksika-semantikalıq ózgesheligi zamanagóy (standart) oykonimlerdiń kópligi menen baylanıslı. Kishi rayonda jámi 153 oykonim bolıp, sonnan 72, yaǵnıy 47% zamanagóy (standart) atamalardan ibarat. Jańa ózlestirilgen jerlerdiń kópligi Ústirt platosında jaylasqan xalıq jasaw orınlarına zamanagóy (standart) atamalardıń qoyılıwı hám keyingi jıllarda húkimet tárepinen kóplegen atamalardıń almastırılıwı zamanagóy (standart) atamalardıń ústemlik etiwine sebep bolǵan. Oykonimlerdiń payda bolıwında qatnasqan topoterminlerden eń úlken úles (7,2%) *awıl* topoterminine tiyisli.

Nókis qalası, Qanlıkól, Taqıyatas hám Xojeli rayonları Oraylıq kishi oykonimikalıq rayon sıpatında ajıratıldı. Bul kishi oykonimikalıq rayonnıń ózine tán ózgesheligi jergilikli oykonimiyanıń leksika-semantikalıq quramında gidronimlerden payda bolǵan oykonimler, etno hám antropooykonimlerdiń ülesleri bir-birine júdá jaqınlıǵı menen sıpatlanadı. Bul aymaqta xalıq jasaw orınlarına atama beriwde tariyxta urıw-qáwim atamaları, jaqın jaylasqan suw obyektleri, sonday-aq, urıwlardaǵı baylar hám aqsaqaldıń ismleri keń qollanılǵan. Usı kishi oykonimikalıq rayonda jámi 137 oykonim bar bolıp, sonnan

36, yaǵnıy 26,3% gidronimlerden payda bolǵan oykonimler, 32, yaǵnıy 23,3% etnooykonimler hám 21, yaǵnıy 15,3% antropooykonimler quraytuǵınlıǵın kóremiz. Sonday-aq, topoterminlerdiń eń úlken úlesi (30,yaǵnıy 21,9%) *awıl* topoterminine tuwrı keledi.

Qubla oykonimikalıq rayonda jámi 384 oykonim bar bolıp, sonnan 297, yaǵnıy 77,3% ózbek tiline tiyisli. Rayon oykonimleri leksika-semantikalıq quramı, payda bolıwında qatnasqan topoterminler quramı jaǵınan úlken ózgeshelikti kóremiz. Bul ózgesheliklerdi esapqa alıp Qubla oykonimikalıq rayondı **Qubla shep jaǵalıq, Qubla Oń jaǵalıq** hám **Qızılqum oykonimikalıq kishi rayonlar**ǵa bóliw múmkin.

Qubla shep jaǵalıq kishi oykonimikalıq rayonına Ámiwdárya rayonı aymaǵı kiredi. Rayonda jámi 129 oykonim bar bolıp, sonnan eń úlken bólimi (25, yaǵnıy 19,4%) etnooykonimler úlesine, sonday-aq, 23, yaǵnıy 17,8% antropooykonimler, 20, yaǵnıy 15,5% gidronimlerden payda bolǵan oykonimler úlesine tuwrı keledi. Jámi oykonimlerdiń 20, yaǵnıy 15,5% *awıl* topotermini, 11, yaǵnıy 8,5% *qala* topotermini, 11, yaǵnıy 8,5% *jap* topoterminleri járdeminde payda bolǵan.




*1-súwret. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń oykonimikalıq rayonlastırıw kartası*
*Karta avtor tárepinen dúzilgen.*

Qubla Oń jaǵalıq kishi oykonimikalıq rayonına Beruniy, Tórtkúl hám Ellikqala rayonlarınıń oazis bólimindegi oykonimler kiredi. Bul kishi oykonimikalıq rayonda jámi 255 oykonim bar bolıp, sonnan 112 yaǵnıy 43,9% zamanagóy (standart) atamalardan payda bolǵan oykonimler quraydı. Jańadan ózlestirilgen aymaqlardıń kópligi, húkimet tárepinen oykonimlerge kiritilgen ózgerisler zamanagóy (standart) atamalardan payda bolǵan oykonimlerdiń kóbeyiwine sebep bolǵan. Sonday-aq, kishi oykonimikalıq rayondaǵı oykonimlerdiń payda bolıwında kóp jaǵdaylarda *abad* topotermini qatnasqan (21 oykonim, yaǵnıy jámi elatlı punktleriniń 8,2% bólimi).

Keyingi jıllarda Qaraqalpaqstannıń shól-jaylaw aymaqlarındaǵı elatlı punktleriniń xalıq tárepinen kóship ketilgenligi sebepli Taxtakópir rayonındaǵı *Keneli, Sıpalı* sıyaqlı elatlı punktleri tamamlanıp, olar elatlı punkti reestrınan shıǵarıp taslap atırǵanlıǵınıń gúwası bolamız. Biraq Ellikqala hám Tórtkúl rayonları Qızılqum bóliminde bir neshe mayda awıllar saqlanıp kiyatırǵan bolıp, olardıń atamalarında til hámde leksika-semantikalıq quramı jaǵınan ózine tán ózgeshelikleri bar. Bul jerde tiykarınan qazaq hám túrkmen tillerine tiyisli oykonimler ushırasadı. Leksika-semantikalıq jaqtan olardıń quramında antroopoykonimler jetekshilik etedi. Bunday ózgeshelikler Qubla oykonimikalıq rayonı quramında Qızılqum kishi oykonimikalıq rayonın ajıratıwǵa tiykar esaplanadı (1-súwretke qarań).

**Juwmaqlaw.** Hámmemizge belgili, oykonimlerde insanlardıń xojalıq iskerlikleri, áyyemgi migraciya hám milletleraralıq baylanıslar, etnikalıq toparlardıń jasaw orınları, kóp ásirler dawamında mámlekette júz bergen tariyxıy, siyasiy hám social-ekonomikalıq ózgerisler sáwlelenedi. Respublikamızdıń oykonimikalıq rayonlastırıw máselelerinde de kóp ásirlik tariyxqa iye bolǵan gidro-, etno-, antopooykonimlerdiń tarqalıw areallarınıń ózgeshelikleri, olardıń qáliplesiwindegi tillik ózgeshelikerdi kóriwimiz múmkin. Sonlıqtan, keleshekte elede keń kólemli toponimikalıq ilimiy-izertlew jumısların alıp barıw, atap aytqanda, olardıń etimologiyasın tereń úyreniw, ilimiy tiykarda analizlew búgingi kúnniń áhmiyetli máselelerinen esaplanadı.

## Ádebiyatlar


1. Алаев Э.Б. Социально-экономическая география: Понятийно – терминологический словарь. –М.: «Мысль», 1983. –С.290.
2. Балтабаев О.О. Қорақалпоғистон Республикаси ойконимларининг ижтимоий-географик таҳлили. География фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) диссертацияси автореферати. – Самарқанд: 2022. 45-б.
3. Жучкевич В.А. Общая топонимика. -Минск: «Высшая школа», 1968. – С.432.
4. Жучкевич В.А. Общие и региональные географические закономерности топонимики. Дисс. ... д.г.н. -Минск: 1970. –С. 676.
5. Манаков А.Г. Топонимическое районирование Европейской России, Белоруссии и Украины на основе формантного метода. // Известия РАН. Серия географическая, 2006, № 2. -С. 120-131.
6. Манаков А.Г. Топонимические свидетели этногенеза славян. – Псков: Изд-во ПГПУ, 2008. –С. 263.
7. Низомов А., Рахимова Г., Расулова Н. Топонимика. – Т.: “Sharq”, 2013. 120-б.
8. Подольская Н.В. Словарь русской ономастической терминологии. – М.: «Наука», 1978. –С.198.


**REZYUME.** Ushbu maqolada toponimik rayon va rayonlashtirish masalalariga bag‘ishlangan xorijiy va mahalliy olimlar tomonidan berilgan ta’rif va kartografik ishlanmalar o‘rganildi. Muallif tomonidan ilk bor Qoraqalpog‘iston Respublikasi oykonimlari rayonlashtirildi va oykonimik rayonlashtirish xaritasi ishlab chiqildi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматриваются определения и картографические разработки зарубежных и отечественных ученых по топонимическим территориям и вопросам районирования. Автором впервые было проведено районирование ойконимов Республики Каракалпакстан и разработана карта ойконимического районирования.

**SUMMARY.** In this article, the definition and cartographic developments given by foreign and local scientists on toponymic region and zoning issues were studied. For the first time, the author conducted the zoning of the oikonyms of the Republic of Karakalpakstan and developed a map of oikonymic zoning.